

MIAMI COMPREHENSIVE NEIGHBORHOOD PLAN EVALUATION AND APPRAISAL REVIEW (EAR)

ANONS REYINYON PIBLIK

KI OBJEKTIF REYINYON PIBLIK YO?

Selon Lalwa Leta, Vil Miami a ap prepare yon seri de amannman pou Plan Katye Konpreyansif li yo. Vil la ap chèche komantè nan men piblik la ak plizyè moun ki gen enterè kòm yon pati nan pwosesis amannman sa-a. Fidbak sa pral ede anplwaye Vil la pou yo konstrwi yon politik ki byen reflekte eksperyans spesifik nan kominote a. Vil Miami a ap envite'w vinn patisipe nan reyinyon piblik Evaluation and Appraisal Review (EAR) yo.

KISA KI EVALUATION AND APPRAISAL REVIEW (EAR)?

EAR la se yon pwosesis Leta egzijè ki gen entansyon mete ajou plan konpreyansif minisipalite a pou yo asire ke plan an reflekte pwoblèm aktyèl ke nou idantifye nan katye a ak chanjman nan lejislasyon Leta yo. Objektif ak Politik Miami Comprehensive Neighborhood Plan (MCNP) yo pral mete ajou pou yo reflekte chanjman sa yo, pou yo reponn kondisyon kap chanje nan kominote nou an.

POUKISA PATISIPE?

Sa-a se Vil pa'w, MCNP a afekte'w ak lavni Miami a. Nou ankouraje tout rezidan nan Vil la, ak moun ki posede kay ak biznis pou yo vinn patisipe. Sa-a se opòtinite pa'w pou'w aprann plis sou amannman sa yo, pou'w ka konprann planifikasyon konpreyansif ak kijan vil ou pral grandi nan lavni. Lè gen yon plan konpreyansif nan plas, kominote a ak moun ki ka vinn rezide oubyen devlope ap gen yon konesans davans de ki entansyon Vil la genyen. Kidonk, ak yon plan nan plas, kominote a pral gen yon pi bon ide de kouman yo ka sèvi ak dekoupaj an zòn, reglèman divizyon, bidjè, pwogram amelyorasyon ekipman, ak tout lòt fonksyon pou yo akonpli objektif li yo e pèmet zòn nan pou li grandi oubyen chanje nan yon jan ki pozitif.

KILÈ REYINYON YO AP FÈT NAN ZÒN PA'M?

Tanpri gade sou kalandriye sou bo dwat la pou dat, lokasyon, ak lè reyinyon piblik yo. Pral gen reyinyon nan plizyè zòn nan Vil la. Gen anpil reyinyon ak chans pou'w patisipe. Sa-a se chans pa'w pou'w fè yon pati nan pwosesis la e aprann plis.

EVALUATION APPRAISAL REVIEW (EAR) MEETING SCHEDULE

DISTRICT 1

Tuesday, April 19, 2016
Juan Pablo Duarte Park
2800 NW 17th Avenue
6:30pm-8:00pm

DISTRICT 2

Tuesday, April 26, 2016
City Hall Commission Chambers
3500 Pan American Drive
6:30pm-8:00pm

DISTRICT 3

Monday, May 2, 2016
Jose Marti Park
362 SW 4th Street
6:30pm-8:00pm

DISTRICT 4

Monday, April 25, 2016
Shenandoah Park
1800 SW 21st Avenue
6:30pm-8:00pm

DISTRICT 5

Thursday, April 21, 2016
Little Haiti Cultural Center
212 NE 59th Terrace
6:30pm-8:00pm

POU PLIS ENFÒMASYON:

WEB: www.miamigov.com/planning

EMAIL: Jacqueline Ellis nan jellis@miamigov.com oubyen Ryan Shedd nan rshedd@miamigov.com

TELEFÒN: Rele Biwo NET ki pi pre'w nan 305.960.5110